



APA NAN SYÈL LA KI KONNEN
NOU BEZWEN TOUT BAGAY SA YO.
PITO NOU CHECHÈ BAY BAGAY PEYI WA KI
NAN SYÈL LA PREMYÈ PLAS NAN LAVI NOU,
CHECHÈ VIV JAN BON DIE VLÉ L' LA ANVAN.
LÈ SA A, BON DIE VA BAN NOU TOUT
LOT BAGAY SA YO TOU.

– Matye 6v32-33

2010 †  † ABCD

ARCHBISHOP'S CHARITIES AND DEVELOPMENT DRIVE

ESSAGE ACHEVÈK LA

Che zami,

Jezu Kris mem palé nou de tribulasyon ke disip li te enduré epi li fe nou promes trezo nan siel mes kimbé fem jiska la fin. Mem si temp jodiya kapab difisil pou nou avek legliz, se pa premye fwa, ni se pa denye fwa. Sauveur nou raplé nou, pou nou pa bay tet nou problem; Papa nou nan siel la, konnen tout sa nou bezwen mem avan nou gen bezwen-a, epi si nou reté fidel nan devan li, lap ba nou tout sa nou bezwen.

Sa se kwayans ki gidé sevis mwen ak ou mem, et se sa mwen te vlé edé-w konpran: Bon Die, tankou yon Papa ki rimin nou, kap toujou ba nou tout sa nou bezwen si nou selman kwè nan li. Pendant anné sa-a, ki plen ak ampil problem ak presyon, Fok nou tounin a Bon Die. Avek lamou ak peseverans, nou meté konfyans nou nan Segnè-a, epi nou jwenn chemin nou enko. Sonjé ke lamou Papa nou pa gen limit, epi Sauveur nou relé nou pou nou rimin youn lot mem jan li rimin nou, avek tolerans, ak padon, generosité ak swen.

Se travay mwen, epi se yon honè poum sevi pep Bon Die nan Achdiocese Miami an pou 12 ans. Nan temps sa-a, mwen fe rankont ak moun, fwa yo inspiré-m, jenerosité yo rempli ke mwen, epi la priyè yo fe-l posib poum ka sevi-w, poum swiv avek imilité chemen ke Konseyé Saj yo trasé pou nou.

Legliz sa-a fondé sou la mort ak rezireksyon Pi Sen Sovè nou ki te bay la vi pou nou kapab viv avek li eternelman – la fwa sa-a kenbé nou et nou mem fok nou kenbé fwa sa-a tou. An nou refleté sou tout bon bagay nou genyen ki posib avek gras Bon Die pa Legliz Li. Dekouvèt la syans, system educasyon, lopital ak charité kap pran swen moun ki nan bezwen. Nou jwenn espwa nou nan konesans ke Segnè nou fe tout sa pou li pran swen nou et en retou, yon don de sakrifis ap rann li posib pou travay li kontinyé.


Se sel ou mem ki ka rann li posib. Aksepté remeciman-m pou generosité ou le-w siporté Legliz la nan Achdiocese Miami-an. Pa gen pi bon sentiman de satisfakson tankou le nou ouvri ke nou ak jenerosité poum ka sevi youn ak lot. Nou dwé gen yon envi tankou yon Katolik, pou nou fe jenerosité de lespri yon experyans chak jou. Mwen konnen mwen ka konté sou ou pendant map invité-w pou pran responsabilité charité sa-a.

Ke le Segnè kapab kontinyé beni-w ak fami-w en abondans. Avek tout bon souwet,

Dans le Segnè,



*Tres Reverand John C. Favalora
Archeveke de Miami*





SE POU L' RETE LAKAY LI POU L' VOYE EDE OU.
 SE POU L' RETE SOU MÒN SIYON AN POU L' SOUTNI OU.
 SE POU L' CHONJE TOU SA OU OFRI BA LI,
 POU L' KONTAN TOU BÈT OU FÈ TOUYE POU LI.
 SE POU L' BA OU TOU SA OU TA RENMEN.
 SE POU L' FÈ TOU SA OU GEN LIDE FÈ RIVE VRE. LÈ SA A,
 N'AP RELE, N'AP KONTAN DÈSKE OU GENYEN BATAY LA.
 N'AP FÈ FÈT PASKE OU GENYEN BATAY LA,
 N'AP FÈ LWANJ BON DIE NOU AN.
 SE POU SENYÈ A BA OU TOU SA OU MANDE L'.
 KOULYE A, MWEN KONNEN SENYÈ A AP FÈ MOUN
 LI CHWAZI A GENYEN BATAY LA.
 LI RETE NAN SYÈL LA, NAN KAY KI POU LI A, LI REPONN LI.
 LI FÈ L' GENYEN BATAY LA AVÈK GWO POUVWA LI.
 SE POU SENYÈ A BA OU TOU SA OU MANDE L'.

– Som 20:2-6

Don ou bay siporté ampil travay Legliz Katolik nan Archdiocese Miami se yon klé, kap bay grangou manjé, ki bay moun ki pa gen koté pou yo reté, forme nouvo pret ak diacre, fe chemin pou respekté la vi nan tout form, evanjelizé ak batizé moun, celebré fwa nan Achdiocese la, sot nan Katedral alé nan tout pwen du nor, sud, es ak wes.

“Nou gen ampil fyeté deské nou se Katolik, de konesans koté tradisyon nou soti. La fwa mwen se yon rekonfort pou mwen. Li kenbé mwen fort epi li kenbé-m chemin-m. Mwen konnen mwen ka refleté en silans de tout bagay, et mwen konnen bagay yo ap chanje.”

Diane Tugander, All Saints Parish, Sunrise



“Responsabilité nou, se pou nou fidel a Levangile paské Met la di sa. Gadé pou bagay syel, et tout bagay va tombé nan plas yo. Le mwen te ordoné pa Achevek Favalora et le li mem li te ordoné pa evek la ki te ordoné-l la, kontak sa, touché sa, impozisyon des mains, ale nan temps Kris. Le ou se yon Katolik, ou gen

koneksyon ak branch la, li ouvri lespri nou pou nou konpran sa se vlé di pou yon moun humain, a kreasyon, a la vi spirityel, a kondwit nou a Bon Die pa sa Kris te ensegné nou.”

Father Luis Alberto Perez, Pastor of Our Lady of the Holy Rosary Parish, Cutler Bay

“Mwen te soufri yon maladi grave, mes pa gras Bon Die mwen te sové, et kounyé-a mwen vlé patajé lespri mwen avek le mond. Tout moun bezwen Bon Die nan la vi yo. Tout bon bagay ki vini nan la vi ou se a coz de Li. Poukisa pou nou pa rimin-l? Li gen tout bonte-l.”

Leah Pinto, St. Joseph Parish, Miami Beach



“Mwen tounin Legliz, et li changé la vi mwen ampil. Li te toujou touché-m, li tap toujou frapé pot mwen, mwen te finalman jwen kouraj poum te repon apel la. Kounyé-a pendant mwen deja aksepté Segnè-a tankou Sovè personel mwen, mwen vinn we siyifikasyon la vi. Mwen we rezon Segnè-a minnin-m sou te sa-a epi mwen senti-m komplet.”



Alexander Rochell, Church of the Little Flower, Coral Gables



“Rol mwen tankou yon pret se pou mwen fe moun konnen pwisans Bon Die nan la vi yo. Li tres esansyel pou moun sousyé pou fre yo ak se yo. Kom yon Pret, mwen we moun kap enduré kek sitasyon ki difisil, se profondè la fwa yo ki edé yo soti ladan. Ninpot sa la vi-a poté ba nou, Bon Die nan mitan-l et li fe nou fort, sa sak fe nou ka pasé experyans sa a yon lot generasyon.”

Father Liam Quinn, Pastor of St. Sebastian Parish, Fort Lauderdale

“Mwen te vlé travay avek moun ki nan bezwen, et travayè migrant yo se moun sa yo mem. Gen twa fami ki reté nan yon etab yo ranjé pou yo fe kay. La fwa yo se sa ki kenbé yo ansamn. Nou edé yo ak manjé, rad ak bagay yo gen bezwen pou yo viv jan nou kapab. Yo gen ampil rekonesans.”



Sister Veronica, St. Ann's Mission, Naranja



“Legliz la se pa kat mi yo, Legliz la vivan et chak moun poté talan spesyal yo ak amou yo pou legliz la. Nou gen Mes, nou gen la priye, nou gen sen nou yo. Nou gen tout sa yo ki vini avan nou kap ba nou fos epi kap ede nou nan chemin nou. Mwen mandé Bon Die pou-l sevi avek mwen jan li vlé epi li kondwi-m la poum ka sevi plisyè ministé nan Legliz la. Mwen jwenn ke gen ampil jwa nan sevi Bon Die.”

Irma Stennet, Eucharistic Minister, Our Lady of the Holy Rosary Parish, Cutler Bay

“La fwa mwen se sa mwen ye. Ke mwen fe-m mal pou moun ki pa gen la fwa pou edé yo nan moman difisil yo. Epi mwen konnen ke le-w bay a Legliz, se yon fason pou nou di Bon Die mesi pou tout sa li fe pou nou.”

Barbara Asfendis, St. Bernadette Parish, Hollywood



1% OF LAJAN KI ENTRÉ NAN KAY LA – 10 PEYMAN PA MWA

Lajan ki entré lakay la	1% Lajan promet	Don pa mwa
\$ 25,000	\$ 250	\$ 25
\$ 35,000	\$ 350	\$ 35
\$ 45,000	\$ 450	\$ 45
\$ 50,000	\$ 500	\$ 50
\$ 60,000	\$ 600	\$ 60
\$ 70,000	\$ 700	\$ 70
\$ 80,000	\$ 800	\$ 80
\$ 90,000	\$ 900	\$ 90
\$100,000	\$ 1,000	\$ 100
\$120,000	\$ 1,200	\$ 120
\$150,000	\$ 1,500	\$ 150
\$200,000	\$ 2,000	\$ 200
\$250,000	\$ 2,500	\$ 250
\$500,000	\$ 5,000	\$ 500

KIJAN POU NOU BAY A ABCD:

Cash ou byen Chek – tanpri ekri chek la payab a Achdiocese de Miami ou byen ABCD. Ou kapab retouné envlop la bay pawas la en Janvyè ak en Fevriye ou byen ou kapab posté-l ba moun an adres ki devan envlop la.

Lajan Promet – Ou kapab chwazi pou fe peyman-w nan 10 peyman chak mwa, yon peyman chak 4 mwa, yon peyman chak 6 mwa. Nap komansé voyé notifikasyon peyman yo en Mas, epi wap resevwa premyè notifikasyon-w nan mwa après ou jwenn resi don ou bay la. Tanpri, pa bliyé meté adres ou konple sou fom nan, bay nimewo telefon ou ak adres email ou, en ka ke nou gen kesyon.

Credit Kat – Archdiocese Miami-an aksepté peyman nan credit kat, peyman nan Visa, MasterCard ou byen American Express. Ou kapab chwazi pou fe yon sel peyman ou byen etabli yon plan peyman pou bay don ou yo. Pa bliyé rampli tout koté so fom nan, meté nimewo telefon ou, epi siyiné koté-l mandé-w la. Ou kapab bay don ou nan credit kat nan website nou nan: www.isupportabcd.org.

Bank Online – Ou ka fe arranjman pou fe peyman-w a ABCD nan kont chek ou nan website nou: www.isupportabcd.org. Tanpri, fe nou konn non pawas ou, epi fe nou konnen si-w ta vle fe peyman-w pa mwa, chak twa mwa ou byen en plen.

Transfert de Stock Apresyé ak Sekurité – Pou fe don ou pa stock ou byen pa sekurité, tanpri kontakté biwo nou pa email a lchutjian@theadom.org ou byen pa telefon nan 305-762-1243 pour instriksyon spesifik kontakté broker-w ou byen or bank ou.

Pou plis infomasyon pou konnen kijan pou bay don, tanpri visité website nou: www.theccf.org.

Tout don nou bay nan Charité Achevek, ak Development Drive ou kapab sevi yo tankou contribisyon charitab selon la lwa. Nou pa sevi lajan nou ramasé pou ABCD pou nou reglé bagay pesonel legal nou.